

BAB I BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Basa mangrupa alat komunikasi unggal individu, ngaliwatan basa manusa bisa nyambungkeun ma'na atawa ideu nu diwujudkeun dina wangun lisan atawa tulisan (Rahman, spk., 2019, kc. 1). Tina opat kaparigelan basa nu ngawengku nulis, maca, ngaregepkeun jeung nyarita. Nulis mangrupa salah sahiji kaparigelan nu henteu datang sacara otomatis tapi butuh latihan sarta proses nu mindeng, (Purwanti, 2017, kc. 101). Nuryamah, spk. (2016, kc.761) nyebutkeun yén pentingna diajar nulis minangka alat komunikasi basa mangrupakeun hal nu fungsional pikeun lumangsungna kahirupan unggal jalma. Nurutkeun Tarigan dina Nurjanah (2009, kc.1) nulis nyaéta nurunkeun lambang-lambang grafik anu ngagambarkeun basa hiji jalma nepi ka jalma lian bisa nyangkem éta basa tina lambang-lambang grafik tadi. Sedengkeun Samsudin (2012, kc.2) ngébréhkeun yén nulis mangrupa hiji kagiatan nu bisa dijadikeun sarana pikeun ngébréhkeun eusi hate ngaliwatan prosés néangan ideu, pikiran, sawangan, jeung gagasan kana wangun tulisan. Nurutkeun Awing (2017, kc. 28) ngaliwatan nulis, hiji jalma bisa ngébréhkeun sawangan, ideu, kekecapan, gramatik, jeung éjahan pikeun komunikasi jeung jalma séjén. Nulis dina konteks akademik saperti nulis essay, karya ilmiah, laporan panalungtikan jsb. (Zainurrahman, 2013, kc.2). Kamampuh nulis hiji jalma mangrupa hiji kagiatan produktif-aktif nu jadi bahan pikeun komunikasi jeung jalma liana dina wangun tinulis (Mariana, 2017, kc. 97). Salah sahiji tujuan diajar basa Sunda di sakola téh nyaéta nyiptakeun siswa nu kréatip jeung parigel dina ngalarapkeun basa Sunda boh sacara lisan boh sacara tulisan.

Dumasar Kompétensi Inti Kompeténsi Dasar (KIKD) Mata Pelajaran Bahasa jeung Sastra Sunda Kurikulum 2013 Revisi 2017 jenjang SMA/SMK/MA/MAK kelas XI, aya sababaraha matéri dina pangajaran nulis, di antarana nyaéta nulis warta sakumaha kaunggel dina Kompetensi Dasar

Tiara Umari Nurul Fazrin, 2019
MODÉL PANGAJARAN CONCEPT SENTENCE PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH NULIS WARTA (STUDI KUASI ÉKSPÉRIMÉN KA SISWA KELAS XI SMAN 8 BANDUNG TAUN AJAR 2018/2019)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

(KD) 4.5 anu unina “Menulis warta dengan memperhatikan struktur dan kaidah kebahasaan” (Dinas Pendidikan Jawa Barat, 2017, kc. 56).

Kompeténsi idéal anu kudu dipimilik ku siswa dina nulis warta nyaéta struktur nu ngawengku kana sababaraha bagian nyaéta judul warta (*head line*), titimangsa (*date line*), téras warta (*lead*), perangkat (*bridge*), awak warta (*body*), jeung suku warta (*leg*). Lian ti struktur, aspék kabasaan dina nulis warta nu ngawengku kecap pangantét di, ka, ti, jeung rarangkén hareup di-, ka-, ti- kudu diperhatikeun. Siswa kudu ngawasa kandaga kecap sabab nu dipaké dina nulis warta nyaéta basa loma, panjang tulisan kudu diperhatikeun sangkan teu panjang-panjang teuing nu ngabalukarkeun pemborosan ruang jeung tempat. Warta hartina béja atawa kabar (Danadibrata, 2015, kc. 738). Samosir (2018, kc.112) nyebut yén nulis warta diartikeun minangka ngébréhkeun fakta atawa ideu nu patalina jeung hiji hal nu anyar kénéh kajadian.

Masalah nu kapanggih dina pangajaran nulis warta di antarana siswa can paham utamana kana struktur jeung kaidah kabasaan, utamana pamakéan kecap pangantét, kecap pangantét jeung rarangkén hareup nalika nulis téks warta. Di sagigireun éta hal, héséna pangajaran nulis warta dibalukarkeun ku salah sahiji faktor pangajaran anu kurang cocog. Luyu jeung pamadegan Hartati (2015, kc. 131) nu nyebutkeun yén dina nulis warta kudu aya étika, warta nu ditulis kudu objéktif, saimbang, teu aya opini-opini nu négatif, ngutamakeun kapentingan umum, sarta tanggung jawab kana eusi warta nu ditulis.

Ku kituna modél pangajaran *Concept Sentence* dipiharep bisa jadi salah sahiji modél diajar nu bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa dina nulis warta. Nurutkeun Huda (2014, kc. 317) ieu modél téh ngabogaan sababaraha kaonjongan di antarana bisa ngaronjatkeun sumanget diajar siswa, nyiptakeun suasana diajar nu kondusif, ngarojong siswa pikeun ngembangkeun proses mikir kreatif, leuwih maham kecap galeuh kana matéri ajar, siswa nu leuwih ngarti bisa ngajar jeung ngabantuan siswa séjén nu can ngarti kana matéri. Modél pangajaran *Concept Sentence* mangrupa modél diajar nu dilakukeun ku cara méré kartu-kartu nu eusina sababaraha kecap galeuh ka peserta didik nu

Tiara Umari Nurul Fazrin, 2019

MODÉL PANGAJARAN CONCEPT SENTENCE PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH NULIS WARTA (STUDI KUASI ÉKSPÉRIMÉN KA SISWA KELAS XI SMAN 8 BANDUNG TAUN AJAR 2018/2019)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

satuluyna disusun jadi sababaraha kalimat jeung dikembangkeun jadi paragraph (Huda, 2014, kc. 317).

Sedengkeun Suprijono (2013, kc. 46) nétélakeun yén *Concept Sentence* mangrupa modél pangajaran nu ngagampangkeun siswa dina nyusun sababaraha kalimah ngaliwatan kecap konci nu geus ditangtukeun. Nurutkeun Nuraeni (2015, kc. 81) ngagunakeun model pangajaran *Concept Sentence* nyieun siswa jadi leuwih antusias jeung teu ngarasa jenuh nalika lumangsungna prosés diajar.

Tujuan nu baris dihontal dina ieu panalungtikan nyaéta ngaronjatkeun kualitas tulisan siswa utamana dina pangajaran nulis warta kalayan maké modél pangajaran *Concept Sentence* di kelas XI IPS 1 SMAN 8 Bandung.

Sacara émpiris modél pangajaran *Concept Sentence* kungsi ditalungtik, di antarana *Modél Concept Sentence dalam Meningkatkan Keterampilan Menulis Narasi* ku Dian Hapsari, Universitas Negeri Malang (2018) dina ieu panalungtikan ngabuktikeun yén modél pangajaran *Concept Sentence* éféktif dina pangajaran nulis narasi. Panalungtikan séjénna Ulfi Hidayanti (2018) Jurusan Pendidikan Bahasa Sunda FPBS Universitas Pendidikan Indonesia ngeunaan *Modél Pangajaran Concept Sentence dina Pangajaran Nulis Wawangsalan* hasilna ngébréhkeun yén modél pangajaran *Concept Sentence* éféktif pikeun nulis wawangsalan.

Bédana jeung panalungtikan séjén nyaéta dina variabel kauger. Panalungtikan saméméhna miboga variabel kauger nulis karangan narasi jeung nulis wawangsalan, sedengkeun ieu panalungtikan miboga variabel kauger nyaéta nulis warta.

Dumasar kana pedaran di luhur, ieu panalungtikan anu dijudulan *Modél Pangajaran Concept Sentence pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Warta (Studi Kuasi Eksperimen ka Siswa kelas XI IPS 1 SMAN 8 Bandung)* perlu dilaksanakeun.

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Aya sababaraha masalah anu bisa diidentifikasi dina ieu panalungtikan, nyaéta:

- a. kamampuh nulis warta siswa héngkér ditilik tina struktur, nu ngawengku kana sababaraha bagian nyaéta judul warta (*head line*), titimangsa (*date line*), téras warta (*lead*), perangkat (*bridge*), awak warta (*body*), jeung suku warta (*leg*). Di sagédéngéun éta aya aspék kabasaan dina nulis warta nyaéta siswa can parigel dina ngagunakeun kecap pangantét di, ka, ti, jeung rarangkén hareup di-, ka-, ti-.
- b. modél pangajaran *concept sentence* ngabantuan siswa dina néangan ideu jeung ngamekarkeun kalimah kana wangun warta.

1.2.2 Rumusan Masalah

Masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina wangun kalimah pananya ieu di handap.

- a. Kumaha kamampuh nulis warta siswa XI IPS 1 SMAN 8 Bandung taun ajaran 2018/2019 saméméh dilarapkeun modél pangajaran *Concept Sentence*?
- b. Kumaha kamampuh nulis warta siswa kelas XI IPS 1 SMAN 8 Bandung taun ajaran 2018/2019 sanggeus dilarapkeun modél pangajaran *Concept Sentence*?
- c. Naha kamampuh nulis warta siswa kelas XI IPS 1 SMAN 8 Bandung taun ajaran 2018/2019 ningkat sanggeus dilarapkeun modél pangajaran *Concept Sentence*?
- d. Naha aya béda signifikan antara kamampuh nulis warta siswa kelas XI IPS 1 SMAN 8 Bandung taun ajaran 2018/2019 saméméh jeung sabada maké modél pangajaran *Concept Sentence*?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Tujuan dina ieu panalungtikan ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum nu baris dihontal dina ieu panalungtikan nyaéta nguji modél pangajaran *Concept Sentence* pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis warta.

1.3.2 Tujuan Husus

Luyu jeung kasang tukang katut rumusan masalah anu geus diébréhkeun, tujuan ieu panalungtikan téh nyaéta pikeun ngadéskripsikeun:

- a. kamampuh nulis warta siswa XI IPS 1 SMAN 8 Bandung taun ajaran 2018/2019 saméméh dilarapkeun modél pangajaran *Concept Sentence*;
- b. kamampuh nulis warta siswa kelas XI IPS 1 SMAN 8 Bandung taun ajaran 2018/2019 sanggeus dilarapkeun modél pangajaran *Concept Sentence*;
- c. ningkatna kamampuh nulis warta siswa kelas XI IPS 1 SMAN 8 Bandung taun ajaran 2018/2019 sanggeus dilarapkeun modél pangajaran *Concept Sentence*;
- d. béda anu signifikan antara kamampuh nulis warta siswa kelas XI IPS 1 SMAN 8 Bandung taun ajaran 2018/2019 saméméh jeung sabada maké modél pangajaran *Concept Sentence*.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat anu dipiharep tina ieu panalungtikan téh di antarana mangpaat nu sipatna tioritis sarta mangpaat nu sipatna praktis.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat tioritis dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngajembaran tiori ngeunaan pangajaran nulis hususna nulis warta dina basa Sunda.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis, ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun:

- a. pikeun siswa, dipiharep bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis warta.
- b. pikeun guru, dipiharep bisa méré alternatif modél pangajaran nu kumaha nu bisa ngaronjatkeun kamampuh pangajaran nulis warta.
- c. pikeun lembaga atikan, dipiharep bisa ngaronjatkeun kualitas atikan di sakola.
- d. pikeun panalungtik, dipiharep bisa méré pangaweruh anu hadé kumaha ngagunakeun modél pangajaran *Concept Sentence* saméméh jeung sanggeus

Tiara Umari Nurul Fazrin, 2019

MODÉL PANGAJARAN CONCEPT SENTENCE PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH NULIS WARTA (STUDI KUASI ÉKSPÉRIMÉN KA SISWA KELAS XI SMAN 8 BANDUNG TAUN AJAR 2018/2019)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

panalungtikan, jeung bisa jadi salah sahiji modél nu bakal dipaké pikeun panalungtik nalika ngajar di sakola.

1.5 Raraga Tulisan

Dina ieu skripsi, raraga tulisan diwangun ku lima bab, anu diwincik saperti ieu di handap.

Bab I, minangka bab anu medar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, idéntifikasi jeung rumusan masalah panalungtikan, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, sarta struktur organisasi penulisan.

Bab II, minangka bab anu ngabahas ngeunaan tiori-tiori anu aya dina panalungtikan. Dina ieu bab baris dipedar ngeunaan modél pangajaran *Concept Sentence*, tiori nulis, jeung masalah dina pangajaran nulis warta. Salian ti éta, aya ogé raraga mikir jeung hipotésis anu miboga tujuan pikeun méré anggapan awal kana hasil panalungtikan.

Bab III, minangka bab anu ngabahas ngeunaan métodologi dina ieu panalungtikan, anu ngawengku sumber data panalungtikan, désain panalungtikan, métodeu panalungtikan, wangenan oprasional, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, sarta téhnik nganalisis data.

Bab IV, minangka bab anu ngabahas ngeunaan hasil panalungtikan. Dina ieu bab sagemblengna diébréhkeun tina hasil panalungtikan.

Bab V, minangka bab anu medar kacindekan jeung saran. Kacindekan maparkeun tina hasil panalungtikan. Saran miboga tujuan pikeun kahadéan ka hareupna.